# TÁRIYP JANRÍNDAǴÍ SHÍǴARMALARDA EPITETTIŃ KÓRKEMLIK XÍZMETI

**Djangabaeva H.SH.,**
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutınıń 2-kurs basqısh doktorantı*
*Nókis, Qaraqalpaqstan*
*Djangabaeva9803@icloud.com*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.18902803

***Annotaciya**: Maqalada kórkem súwretlew qurallarınan biri epitettiń qosıq ideyası, kórkem pikir, kórkem obrazdı súwretlewdegi xızmeti hám lirikalıq obyekttiń portretin sáwlelendiriwdegi áhmiyeti táriyp janrındaǵı qosıq mısalında ashıp berildi. XIX ásir qaraqalpaq poeziyası wákili Ájiniyazdiń táriyp janrındaǵı lirikasında epitettiń estetikalıq, poetikalıq xızmetine teoriyalıq talqı islendi.*

***Gilt sózler:** táriyp, yar obrazı, epitet, "qırmızı" epiteti, lirikalıq obyekt, poetika, portret.*

***Аннотация**: В статье на примере стихотворений раскрывается значение эпитет как одного из художественных средств выражения в изображении идеи стихотворения, художественной мысли, художественного образа и отражении переживаний лирического объекта. В лирике Ажинияза, представителя каракалпакской поэзии XIX века в жанре описания, был проведен теоретический анализ эстетической и поэтической функции эпитета.*

***Ключевые слова**: описание, образ возлюбленной, эпитет, эпитет «кырмызы», лирический объект, поэтика, портрет.*

***Annotation**: In the article, one of the artistic devices of epithet, the idea of the poem, artistic thought, its role in depicting the artistic image, and its significance in reflecting the experiences of the lyrical hero are revealed through the example of descriptive poems. A theoretical analysis of the aesthetic and poetic function of simile was conducted in the descriptive lyrics of Ajiniyaz, a representative of 19th-century Karakalpak poetry.*

***Keywords**: description, image of a lover, epithet, epithet "kyrmızı", lyrical object, poetics, portret.*

Kórkem súwretlew quralları ádebiy shıǵarmanıń eń áhmiyetli elementlerinen esaplanadı. Olar avtordıń maqsetin, principin sáwlelendiriwge hám shıǵarma poetikasın bayıtıwǵa xızmet etedi. Prozalıq shıǵarmalarda olar kóbirek obrazlardı, qaharman portretin, kishi epizodlardı súwretlewge xızmet etip, shıǵarma ideyasına belgili dárejede tásir etse, lirikalıq shıǵarmalarda pútin tekst, qosıq kórkem súwretlew quralına tiykarlanıp jazılıwı, bir ǵana trop pútin mazmundı, ideyanı hám poetikanı táminlewge xızmet etiwi múmkin. Ásirese, ashıqlıq mazmundaǵı táriyplerde bunday usıl kóbirek qollanıladı.

XIX ásir túrkiy xalıqlar lirikasında ashıqlıq táriypler, dańqı shıqqan sulıw hayal-qızlardı maqtaw baslı temalardan edi. Bul dáwirdegi ashıqlıq táriyplerde shayırlar Shıǵıs klassikleriniń dástúrlerin dawam ettirip, lirikalıq obyektti barınsha bezewler menen, troplar menen súwretledi. Qaraqalpaq klassikalıq ádebiyatınıń

wákili Ájiniyaz da bul máselede eń jetik shayırlardan boldı. Onıń táriyplERiniń ishinde “Qırmızı” qosığı pútin teksttiń epitetke qurılǵanı, lirikalıq obyektti tolıq epitet tiykarında súwretlewi menen ajıralıp turadı. Qosıqtaǵı tiykarǵı ideya – qızdıń shırayı, minez-qulqı, is-háreketi, uluwma hayal-qızǵa tán ózgeshelik epitetler járdeminde sheber ashıp berilgen. Teoriyalıq miynetlerde epitetke mınaday sıpatlama berilgen: “Epitet (anıqlaw, sıpatlaw mánilerine jaqın) – adamnıń, zattıń yáki buyımnıń, qubılıslardıń qanday da bir belgisin, qásiyetin, sıpatın anıq, ayqın kórsetip beriwshi kórkem súwretlew quralı” [Járimbetov Q, Genjemuratov B. 2018:156]. Epitettiń tiykarǵı xızmeti anıqlaw bolsa da, ol kórkem tekstte kóbirek xızmetlerdi atqaradı. Bul haqqında A.N. Veselovskiy: “Epitet – bul sózdiń dáslepki mánisin jańartatuǵın yáki temanıń qandayda bir xarakterli tárepin kúsheytetuǵın kórkemlew quralı” – dep bahalap, epitettiń basqa da kórkemlik xızmetlerin ashtı [Веселовский А.Н. 1989:59]. Ádebiyatshınıń aytqan pikirleriniń tastıyqın Ájiniyazdıń “Qırmızı” qosıǵın tallaw arqalı keńirek dálillewge boladı. Shayır usı
qosıǵında bir sózdi hár qıylı mánide, bir neshe márte tákirarlap qollanǵan.

Qosıqtıń dáslepki shuwmaqlarında qızdıń sırtqı kelbeti táriyplenedi:

Bir qız kórdim Islam shaxnıń elinde,
Kórseń yupqa *dodaqları qırmızı*.
Qızı musulmandur haqnıń yolında,
Som-som altın *shashbaǵları qırmızı*.
Bir máhitabandur qırmızı báden,
Alma kibi yanaqları qırmızı.
Jáhánǵa hesh kelmes onday záberdes,
*Qashı qálem, qabaqları qırmızı* [Ájiniyaz. 2024:30].

Shayır dáslep qızdıń sırtqı gózzallıǵın táriyplewge dıqqat qaratadı. Lirikalıq obyekttiń kózleri, bet-álpeti, shashı, qas-qabaǵı – hámmesi dástanlardaǵı sıyaqlı ideallastırılıp, minsiz etip súwretlengen. Keltirilgen shuwmaqlardaǵı yanaqlardı, qızdıń betiniń almasın, shashına baylaytuǵın shashbaǵın qızıl reń menen sıpatlawı tuwra mánige jaqın. Óytkeni, olar biraz adamlarda qızıl, qızǵısh túsli boladı, al qızdıń tániniń (báden) hám qas-qabaǵınıń qızıl túsli etip súwretleniwi epitettiń ele de awıspalı mánige iye bolıwın táminlegen, obrazlılıqtı kúsheytken. Endi lirikalıq obyekt tek plastikalıq jaqtan emes, estetikalıq jaqtan da gózzal etip táriyplenedi. Epitettiń bunday qásiyetleri tuwralı ádebiy terminologiyalıq sózliklerde: “Epitet ózi qatnaslı predmetti mánilik hám sezimlik jaqtan bayıtadı. Bul epitetlik ózgeshelik bolıp, kórkem obraz jasawda paydalanıladı [1974: 469]” – dep keltirilgen. Shınında da biz joqarıda atap ótken epitetler kórkem obraz jasawǵa ayrıqsha xızmet etip,

qosıqta táriyplengen qızdıń basqa obyektlerden ayrıqsha qásiyetke iye ekenligin sıpatlap tur.

Shayırdıń epitetten sheber paydalanǵanı sonshelli qosıqtıń keyingi shuwmaqlarında epitet endi qızdıń sırtqı kelbetin, bet-álpetin emes, al oǵan tán is-háreketlerdi, minez-qulqın, onıń jeke ózine tán, qaytalanbas qásiyetlerin súwretlewge xızmet etken. Mısalı:

Sallanıp yúrgende yolnı toltırǵan,
Qádem basqan *ayaqları qırmızı*.

Ózi hám bolmıshdur qırq kánizge bas,
Bastan-ayaq sıyaqları *qırmızı*.
Árman yoq, shırmalsa alma kóz bilan,
Sawdagerdek *tósekleri qırmızı* [Ájiniyaz. 2024: 30].

Keltirilgen mısallarda shayır endi lirikalıq obyekttiń tek sırtqı emes, al ishki dúnyasın da súwretlewge háreket etkenin kóremiz. Shuwmaqlarda qırmızı ayaqlar, qırmızı tósekler, qırmızı sıyaqlar epitetleri qollanılǵan. Sıyaq sózi ózbek hám tájik tillerinde adamnıń sırtqı kelbetin, pútin portretin ańlatadı [Рахматуллаев Ш. 2003: 385]. Bunda shayır qızdıń sırtqı kelbetin tolıǵı menen qırmızı epiteti arqalı sıpatlap, onıń kiyiniwi, bastan-ayaq tulǵasın súwretlese, qádem basqan ayaqlardıń, tóseklerdiń qızıl reń menen sıpatlanıwı qızdıń heshkimge usamaǵan júris-turısı, naz-iybesin sáwlelendiriwge xızmet etken. Shayır dóretiwshiliginiń poetikalıq ózgesheliklerin arnawlı izertlegen ádebiyatshı B.Genjemuratov qosıq haqqında: “Ájiniyazdıń “Qırmızı” redifli qosıǵında bir oǵada gózzal qızdıń janlı portreti sızıladı. Bul qosıqta tiykarınan qırmızı, yaǵnıy qızıl reńniń átirapında qosıq qatarları, pikirler, kórkemlew quralları, oyınǵa túsedi. Qosıqta qırmızı redifiniń ózi negizgi epitet xızmetin atqaradı. Obrazlı sáwlelendiriwdiń barlıq túrleri “qırmızı” epitetine baǵındırılıp soǵan gárezli túrde rawajlandırıladı. Qosıq segiz shuwmaqtan ibarat bolıp, onda “qırmızı” epitetinen tısqarı, “yupqa dodaqları”, “som-som altın shashbaǵları”, “tisi ánjiman”, “tillá háykel”, “tilladan gewishi”, “kiygeni - atlas”, “aq yúzine”, “shiyrin sóz”, “alma kóz” epitetleri de isletilgen” – dep qosıqtaǵı epitetlerdiń sanın, xızmetin keń túrde sıpatlaǵan [Генжемуратов Б. 1997: 35]. Shınında da Ájiniyazdıń bul qosıǵı epitetlerge bay bolıp, qaraqalpaq lirikasında epitettiń jańasha usılda qollanılıwına tiykar jarattı.

Juwmaqlap aytqanda Ájiniyazdıń “Qırmızı” qosıǵı pútin teksttiń mazmunın, qosıq ideyasın, lirikalıq obyektti bir ǵana sóz – qırmızı epiteti menen sáwlelendiriwi,

qırmızı epitetiniń hár shuwmaqta bir-birin qaytalamaytuǵın mánilerde ózi qatnaslı sózdi sıpatlap keliwi jaǵınan sheber qollanılǵan. Bir ǵana
kórkem súwretlew quralı qosıq poetikasın táminlegen.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Античные теории языка и стиля. СПБ. 1996. Веселовский А.Н. Историческая поэтика. – Москва, 1989. Горбачевич К.С., Хабло Е.Н. Словарь эпитетов русского литературного языка. – Ленинград, 1979. Jarimbetov Q, Genjemuratov B. Ádebiyat teoriyası. – Tashkent: Sano-standart. 2018.
2. Веселовский А.Н. Историческая поэтика. – Москва: Высшая школа, 1989.
3. Әжинияз. Шығармалары. Тошкент: Adabiyot. 2024.
4. Словарь литературоведческих терминов. – Москва: Просвещение. 1974.
5. Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. Нөкис: Билим. 1997.
6. Рахматуллаев Ш. Ўзбек тилининг этимологик луғати. III жилдлик. II жилд. Тошкент: Университет. 2003.